

# 25

février

**J'ai étendu ma main tout le jour vers un peuple rebelle, qui marche dans une voie qui n'est pas bonne, après leurs propres pensées.** Ésaïe 65. 2

**En lui (Jésus), toute la plénitude s'est plu à habiter, et, par lui, à tout réconcilier avec elle-même, ayant fait la paix par le sang de sa croix.** Colossiens 1. 19, 20

## Dieu vous tend la main

Rien, peut-être, n'est plus contraire à nos pensées naturelles que la réconciliation, telle que la Bible la décrit. N'est-il pas étonnant que Dieu, le grand Dieu des cieux et de la terre, attende notre *oui* à son offre de pardon ? Quelle différence avec ce qui se passe entre les humains ! Il nous paraît normal que l'initiative de la réconciliation vienne de celui qui a mal agi. Il demande pardon, présente ses excuses et, si possible, fait réparation. Le plus souvent, les torts sont partagés et chacun doit reconnaître sa part.

Mais entre Dieu et les hommes, c'est tout autre chose. Dieu est lui-même le réconciliateur. C'est lui qui prend l'initiative et paye toute la dépense.

Bien qu'il ait toujours tendu la main aux hommes, ils n'ont pas écouté ; ils sont un "peuple rebelle". L'homme non croyant est indifférent à Dieu, ou même hostile. Mais Dieu vient vers chacun de nous. Si j'accepte de saisir sa main tendue, je découvre alors qu'il m'aime et qu'il veut enlever mon hostilité et mettre son amour à la place. Comment cela est-il possible ? Par la mort de son Fils. Quand Jésus a été crucifié, il a pris sur lui notre hostilité et notre éloignement de Dieu, puis il est ressuscité. Jésus a détruit la barrière de nos péchés, qui s'élevait entre nous et Dieu.

La réconciliation accomplie par la mort de Christ devient effective pour celui qui l'accepte. Elle ne repose pas sur une amélioration de son comportement qui le rendrait acceptable, mais sur l'œuvre accomplie une fois pour toutes par Jésus à la croix.

# 25

fevriye

**Chak jou mwen t ap lonje menm bay yon pèp ki t ap kenbe tèt ak mwen, ki t ap fè sa ki mal, ki t ap fè sa yo pito.** Ezayi 65. 2

**Paske, totalite a ann antye pran plezi pou abite nan li (Jezi), epi pou l rekonsilye tout bagay avèk li menm, grasak li : kit se bagay nan syèl, kit se bagay sou latè. Se grasak li, paske, li fè lapè grasak san li sou lakwa.** Kolosyen 1. 19, 20

## **Bondye lonje men ba ou**

Pa gen anyen, petèt, ki kontrè lide natirèl nou, yon rekonsilyasyon, jan Bib la di l la. Eske sa pa etonan, Bondye, Gran Bondye, syèl la ak latè a, ap tann nou di l wi ak padon li ofri nou an ? Ki diferans ki genyen ak sa k ap pase lakay lèzòm ! Sa parèt nòmal desizyon pou rekonsilye a soti bò kote moun ki te mal aji a. Li mande padon, li prezante eskiz li, e si sa posib, li fè reparasyon. Anpil fwa, tou de moun konn gen tò epi chak moun dwe rekonèt tò pa yo.

Men ant Bondye ak lèzòm, se yon lòt bagay. Se Bondye menm ki rekonsilyatè a. Se li menm ki pran inisiativ la epi li peye tout bagay.

Malgre li te toujou lonje lanmen bay lèzòm, yo pa t koute ; se yon “pèp rebèl” yo ye. Moun ki pa kwè a, pa okipe l de Bondye, oubyen li ka menm pa vle wè Bondye. Men, Bondye vin jwenn nou chak. Si mwen aksepte pran men li lonje ban m nan, lè sa a mwen vin reyalize li renmen m e li vle retire ostilite m nan epi ranplase l pa lanmou li. Kòman sa fè posib ? Grasa lanmò Pitit li a. Lè yo te kloure Jezi, li te pran sou li ostilite ak elwayman nou de Bondye, apresa li resisite. Jezi te kraze baryè peche nou yo, ki te drese ant nou menm ak Bondye.

Rekonsilyasyon lanmò Kris la bay la vin toutbonvre, pou sila ki aksepte l la. Li pa chita sou amelyorasyon konpòtman li ki pou fè li vin akseptab, men se sou travay Jezi te fè sou lakwa yon fwa pou tout la.